



Pou Piblikasyon Imedya: 01/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN PREMÈ JÒU NAN MWA SANSIBILIZASYON SOU KANSÈ NAN TÈTE,  
GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LWA POU ELAJI KOUVÈTI ASIRANS POU DEPISTAJ  
AK IMAJ KANSÈ NAN TÈTE**

***Lwa S.2465C/A.1696C elaji kouvèti asirans pou depistaj ak imaj kansè nan tete  
pou enkli direktiv ki rekonèt nan nivo nasyonal***

Nan premye jòu nan Mwa Sansibilizasyon sou Kansè nan Tete a, Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lwa pou elaji kouvèti asirans pou depistaj ak imaj kansè nan tete pou enkli kòm pwosedi jan direktiv pratik klinik ki rekonèt nan nivo nasyonal pou deteksyon kansè nan tete rekòmande sa.

"Tout fanm nan Eta New York ta dwe gen aksè a tout opsyon kouvèti pou depistaj kansè nan tete ak imaj, ki se kle pou dyagnostik ak tretman bonè," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lwa sa a asire ke sèvis prevantif esansyèl yo disponib san kontrent finansye – sove lavi epi etabli yon nouvo nòm swen pou Nouyòkè yo."

Lwa S.2465C/A.1696C chanje kèk pati nan Lwa Asirans lan pou egzije plan asirans sante endividyèl, kolektif, ak san bi likratif (ki gen ladan HMO) pou kouvri depistaj ak imaj dyagnostik kansè nan tete. Kouvèti sa a aplike si yon doktè rekòmande li sou baz direktiv klinik ki rekonèt nan nivo nasyonal. Depistaj yo gen ladan, mamografi dyagnostik, ekografi nan tete, ak IRM (Imaj pa Rezonans Mayetik).

Lwa a klarifye tou ke pataje depans yo pa pral aplike nan pwosedi sa yo eksepte nan limit li ta lakòz kont epay sante a vin pa elijib dapre direktiv IRS (Sèvis Enpo) yo.

Lwa a defini "direktiv pratik ki rekonèt nan nivo nasyonal" pou enkli nòm fonde sou prèv ke òganizasyon endepandan oswa sosyete medikal pwofesyonèl la elabore apati metodoloji transparan ak estrikti rapò yo.

**Senatè eta a, Roxanne J. Persaud, te deklare,** "Avèk siyati lwa esansyèl sa a, nou fè yon gran pa an avan nan lit kont kansè nan tete. Elajisman kouvèti asirans sa a pou depistaj ak imaj pral pèmèt moun yo priyore sante yo san chaj pri yo epi asire ke deteksyon bonè vin tounen yon nòm, pa yon privilèj. Mwen remèsye kòlèg mwen, Manm Asanble Hunter, dèske li rejwenn mwen pou defann koz la ak Gouvènè Hochul dèske li siyen lejislasyon sa a".

**Manm Asanble Pamela J. Hunter, te deklare,** "Elaji kouvèti asirans pou depistaj kansè nan tete ak imaj baze sou direktiv klinik ki rekonèt nan nivo nasyonal se yon etap esansyèl pou asire ke fanm atravè New York gen aksè a deteksyon è poubon sove lavi yo. Lwa sa a, ki te siyen pandan Mwa Sansibilizasyon sou Kansè nan Tete, retire baryè finansye nan pwosedi dyagnostik esansyèl tankou mamografi, ekografi ak IRM, ki esansyèl nan lite kont kansè nan tete. Mwen fyè dèske mwen te defann pwojè lwa sa a nan Asanble a, e mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Senatè Persaud pou lidèchip ak sipò yo ki pèmèt yo fè pwojè sa a yon reyalyite pou fanm yo atravè Eta a."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)